



11 avril 2018

Chè fanmi:

Gen plis diskisyon nasyonalman ak nan Somerville tou sou ki jan pou yo ta motive epi sipòte elèv yo nan dives domèn nan matematik.

Nan kèk ane ki sot pase la yo, nou fè anpil chanjman konsiderab nan kourikoulòm ak evalyasyon matematik ki fèt pou reponn bezwen elèv nou yo epi ede yo devlope yon konsepsyon ak konpreyansyon matematik djanm. Nou kontinye gen kèk paran ki fè nou konnen pitit yo pa santi klas mat yo difisil ase pou yo. Gen lòt paran menm di nou yo bezwen èd pou pitit yo ka rive nan nivo konpetans klas la. Konsa tou gen kèk elèv k ap di yo rayi matematik paske yo pa entèlijan ladan l; gen lòt ki di Gen lòt moun ki di yo fatige nan pran klas matematik akselere adisyonèl nan lè yo pa l lekòl la. Pwofesè yo nan yon pozisyon difisil pou y ap eseye bay yon bonjan kalite enstriksyon epi adrese yon latriye nivo nan matematik nan klas yo.

Mwen mande Uri Harel, kowòdinatè kourikoulòm klas K-8 yo avèk sipò Paula O'Sullivan, yon manm Komite Lekòl yo, paran, ak antrenè matematik, pou yo ede nou vanse sou pwoblèm sa a. Nou ekri pou fè w konnen plan nou genyen pou ogmante opòtinite pou tout elèv nou yo ka gen yon ekperyans pozitif epi aprann mat nan yo nivo pi avanse. Se **prezans sa yo** ki pwal gide travay nou yo:

- **Priyore byenèt elèv:** Nan evalyasyon pwogram swivi yo ak pwogram akselerasyon yo anndan ak deyo Somerville, nou gen evidans twouban ki endike lè yo fose elèv yo kouri konplete kontni pwogram klas siperyè yo, anpil nan yo pèdi lanmou yo te genyen pou matematik epi yo menm rive evite kou mat nan klas segondè yo. Kèk elèv ki pa t ka Gen kèk elèv ki pa ka kenbe nivo avyo tou kraze yon kite sa epi soti nan pwogram sa yo epi yo twouve ekperyans la demoralizan. Nou dwe asire ke aksyon nou yo ankouraje yon atitud pozitif pou timoun aprann matematik.
- **Modèl diskisyon enklizif epi respektive:** Dènyèman, nou te dekouraje akoz fason kèk manm nan kominote nou an te derespekte edikatè nou yo sou pwoblèm sa a. Kòm granmoun, nou ta dwe demontre elèv yo kijan nou ka diskite epi adrese yon pwoblèm konplèks konsa nan respè youn pou lòt. Nou pral fè efò asire pou nou tande vwa plis moun nan kominote nou an, pa sèlman vwa yon ti ponyen moun k ap fè bri.
- **Asire egalite ak enklizyon:** Gen kèk distri pran mwayen ki sanble pi fasil la, divize elèv yo nan nivo avanse ak nivo ki ba dapre nòt tès yo, kòmanse osi bonè ke nan klas dezyèm ane, ouswa rele elèv yo elev ki dwe epi talante. Nan vil ki gen moun ki sot nan dives kilti tankou nou, sa a te lakòz klas yo te vin gen segregasyon dapre ras kantite lajan fanmi an



genyen epi desizyon pou plasman nan lekòl yo vin gen patipri ladann, elèv yo separe ak zanmi yo, epi tou anpil elèv ehwe nan matematik. Nou dwe jwenn yon solisyon ki mache avèk konsantrasyon Somerville sou ekite ak enklizyon a.

- Ankouraje konpreyansyon konsèp matematik: Matematik se pa sèlman fè kalkil byen vit epi rezoud ekwasyon. Se sou konpreyansyon pwofondman konsèp yo, pou elèv yo ka rezoud pwoblèm konplèks, aplike matematik kontèks nan lavi reyèl, epi jwenn aksè ak nivo matematik ki pi wo. Anpil anplwayè di nou yo ta pito anboche yon moun ki ka travay byen ak lòt moun pou rezoud pwoblèm difisil epi kominike panse yo, olye pou se ta yon moun ki gen vitès nan kalkil men k ap travay nan izòlman.
- Favorize yon espri Kwasans: Yon bagay santral nan apwoch nou an se pwomote Favorize yon espri Kwasans nan tout elèv ak pwofesè: se efò ki detèmine nan ki degre to w ap gen siksè alalong, olye de abilitè ine. Nou kwè tout bon, epi rechèch montre, ke nan eta despri sa a, tout elèv kapab rive atenn nivo elve nan matematik, dapre jan yo jwenn sipò ki nesèsè ye pi ak nivo dikilte pou motive yo a.

Men rezime etap **plan daksyon inisyal la:**

- Ekstansyon Leson yo: Ekip antrenman matematik nou an ak kèk pwofesè te devlope epi jere defi, jwèt, ak pwojè pou chak inite matematik. Ekstansyon sa a pwal fet nan nan plis klas ane pwochen; li sanble se yon fason ki ka bay siksè nan motivasyon tout elev yo, depi yo fin metrize leson jou a.
- Pwogram entèvansyon matematik yo: Nan ane ki so pase yo, nou fe kèk pwogram ki ede timoun ki gen difikilte fè de pwogrè enpresyonan. Lòt ane nap planifye plis opòtinite pou plis elèv tpojou pou bayo aksè nan matematik nan yon nivo ki pi wo. Plis detay sou sa disponib sou paj entènèt nou an.
- Ogmante antrenè matematik nou yo, Resiklaj ak atelye pou fanmi nou yo: Travay yon pwofesè ki ap travay nan on vil divès tankou Sommerville vrèman satisfèzan menm jan tou li vrèman difisil. Nou espere pwofesè nou yo ap bay bonjan kalite instriksyon solid pandan pou yo tou diferansye divès kalite elèv kap aprann yo. Se sak fe nap kontinye investi nan anboche antrenè matematik pou bay anpil sipò epi fè resiklaj pou pwofesè nou yo nan enstriksyon diferansye epi nan aprantisaj pou rezoud pwoblèm difisil yo. Antrenè enstriksyonèl yo gen pou yo fasilite kèk konferans famiyal ki ap chita sou aprann manm famiy yo korikilòm nou an, sa nap tann nan men elèv nou yo, epi tou kijan yo ka sipòte timoun yo nan kay la. Nap vin avèk plis antrenè epi konferans pou tout elèv klas jadendanfan rive klas 8tyèm ane pou lòt ane.
- Regwoupman ak akselerasyon nan klas mwayen yo: Nou nan pwosesis yon gwo revizyon gwoupman pwatik akselere yo. Kounye a nan Somerville, lekòl yo kòmanse gwoupe elèv dapre jan yo bon nan mat lè yo kòmanse klas 8tyèm. Gwoup ki aprann pi vit la Tipikman sou wout pou yo ba yo kou jeyometri nan klas 9yèm ane, pandan y ap prepare gwoup regilye a pou yo pran aljèb 1 nan klas 9yèm ane. Pandan dènye ane ki sot pase yo, te gen

kèk lòt pwogram akselere pilòt nan Somerville. Pandan gen kèk elèv ki benefisye nan pwogram akselerasyon sa yo, te gen ase ka elèv yo te plase nan pwogram akselere a twò bonè, sa te fin pa fristre yo epi fe yo ak evite pi wo nivo kou matematik (li toujou difisil pou predi ki moun ki pwal gen pwoblèm sa a). Nan mwa k pwal vini an, nou pwal chache konnen opinyon pwofesè yo, elèv yo, ak fanmi yo, ak rechèch tou sou pwen fò ak pwen fèb lòt pwatik pwogram gwoupman ak akselere ki pa nan Somerville yo, pou nou ka detèmine apwòch ki pi bon pou nou avanse pou pi devan. Nan mitan mwa me a, nou pwal ba w yon plan detaye sou fason n ap adrese pwoblèm sa yo pou ane k ap vini an.

- Anrichisman nan matematik aprèlekol: Plizyè lekòl K-8 ki aplike kèk fòm anrichisman matematik, kod, ak STEM aprelekol epi pwogram yo disponib pou tout elèv. Nap ogmante pwogram sa a nan tout lekòl ane pwochen, kit se nan fòm klüb matematik / ekip, atelye STEM, ouswa klas kod, nap asire aksè ekitab nan pwogram anrichisman matematik la.

Nan mwa k ap vini yo, nou pwal chache fidbak nan men fanmi, edikatè, ak elèv yo, atravè sondaj ak konvèsasyon fè fas a fas. Nou paka tann pou nou tande lide w yo pandan n ap devlope epi enplemante yon plan konplè ki pwal sipòte siksè tout elèv nan yon kad baze sou nan ekite, enklizivite ak byennèt elèv yo. Pou plis enfòmasyon sou etap nou yo, resous, ak dènye plan aksyon yo, tanpri vizite paj wèb matematik nou an

<http://www.somerville.k12.ma.us/mathinsomerville>

Pou ka voye opinyon w bannou, tanpri swiv lyen sa a pou ranpli sondaj kout sa a ki nan lot paj la:

<https://www.surveymonkey.com/r/NRZBJGX>

Sensèman,



Mary Skipper
Superintendent of Schools



Uri Harel
K-8 Curriculum Coordinator